

Kòmman pou w rantre sou "Clever" lakay ou

Ki sa "Clever" ye?

"Clever" se yon pòtay kote ou kapab genyen aksè a plizyè app ke lekòl, oswa pwofesè sal de klas elèv ou a, itilize. Pou w rantre sou "Clever", ale sou sit entènèt:

www.bostonpublicschools.org/backpack .


Se kòmman elèv mwen an kapab monte sou li?

Kòmman elèv mwen an kapab monte sou li?

[Gade yon sesyon enfòmatif ki va gide w etap pa etap.](#)

Genyen de (2) fason ou kapab rantre sou Clever:

- itilize Gmail BPS ou a ak modpas li
- ouvri yon sesyon avèk yon "Clever Badge"




Opsyon 1: Itilize Gmail BPS ou a ak modpas li.

1. Ale sou sit entènèt : www.clever.com/in/bostonpublic.
2. Peze bouton ki di "Log in with Google" la. Ou dwe ouvri yon sesyon avèk Gmail BPS ou a ak modpas li.

Opsyon 2: Ouvri yon sesyon avèk yon "Clever Badge".

Sou yon òdinatè Chromebook BPS

Limèn òdinatè Chromebook la, lèfini klike sou "Next" sou ekran kote pou w ouvri sesyon an (ekran "login" nan) pou fenèt kamera a kapab parèt. Si elèv yo vle ouvri yon sesyon avèk kont Gmail yo, yo dwe klike sou "Sign in with a different account" de preferans.



Sou aparèy Mac yo ak aparèy Windows yo

Pou w kapab ale sou ekran "Clever" a, ale sou sit entènèt: www.clever.com/in/bostonpublic.
Klike sou imaj kòd QR la sou bò dwat bouton "Login with Google" la, pou fenèt kamera a kapab parèt.

Clever



Clever Badge Log in

Sou yon aparèy iOS

Telechaje app "Clever" a nan [App Store](https://www.apple.com/app-store) la sou aparèy iOS ou a. Lè l fin enstale, ou kapab itilize "badge" yo pou w ouvri yon sesyon sou "Clever".

Ou pa kapab ouvri yon sesyon "Backpack" sou yon aparèy iPad avèk navigatè «Safari» ni navigatè «Chrome». Epitou ou dwe telechaje e enstale app aprantisaj la sou aparèy iOS ou a.

Sou yon aparèy Android

App "Clever" a pa disponib pou aparèy Android, men ou kapab toujou itilize "Badges" pou w jwenn aksè a "Clever"; pou w kapab fè sa, itilize yon navigatè entènèt pou w monte sou sit: www.clever.com/in/bostonpublic .

Konsèy: Pou w jwenn plis enfòmasyon sou "Badges", ale sou sit: [Clever Support](#) .

***Tanpri dekouvri plis resous edikasyonèl ak sesyon enfòmatif pou fanmi, disponib nan 9 lang, sou sit entènèt: [BPS We Dream Together website](#).**